



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE AKTIVITE NAJE YO REPRANN NAN TOUT PLAJ OSEYAN PAK ETA NAN LONG ISLAND YO

Plaj Pak Eta Long Island yo otorize ankò aksè nan lanmè apre move kondisyon vag lanmè yo bese; yo ka mete restriksyon lokal si kondisyon vag yo mande sa

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo [enskri pou alèt ijans an tan reyèl atravè NY-Alert](#) pou resevwa alèt meteyo ak ijans an tan reyèl pandan sezon siklòn lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aktivite naje yo ap reprann nan tout plaj oseyan Pak Eta nan Long Island yo kounye a ke kondisyon vag lanmè yo ak inondasyon Siklòn Erin te diminye ase. Vizitè yo ka jwenn restriksyon nan kèk plaj patikilye si gen kondisyon lokal ki pa an sekirite.

"Osi lontan plaj Pak Eta Long Island yo re-ouvri pou naje, sekirite chak Nouyòkè ak vizitè toujou rete pi gwo priyorite nou. Nou ankouraje tout moun pou yo fè atansyon, swiv tout avètisman yo afiche epi respekte konsèy sovtè ak pèsònèl pak la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye ekip sèvis ijans ekstrawòdinè nou yo, pèsònèl pak yo ak sovtè yo pou travay rapid ak san pran souf yo nan evalye kondisyon yo epi asire plaj nou yo ak bò lanmè nou yo rete pi an sekirite posib pou tout moun ka pran plezi ladan yo."

Sovtè ak pèsònèl Pak Eta yo ap ede garanti yon eksperyans ki an sekirite lè yo kontinye siveye tout kondisyon vag ki ka danjere ansanm ak lanmè ajite. Ofisyèl yo mande vizitè yo pou yo rete vijilan epi respekte nenpòt restriksyon ki an plas nan diferan zòn plaj yo.

Komisè Tanporè Pak Eta Nouyòk la, Randy Simons, te deklare, "Nou rekonesan pou nou anonse re-ouvèti aktivite naje nan tout plaj pak eta Long Island yo aprè enpak Siklòn Erin. Sekirite vizitè nou yo toujou rete pi gwo priyorite nou, epi nou ankouraje tout moun pou yo swiv direktiv yo afiche pandan n ap reprann aktivite sou plaj yo. Nou voye yon gwo remèsiman sensè bay tout pèsònèl pak ki devwe yo, sovtè yo, Lapolis Pak ak Gad Pak yo pou travay san pran souf yo nan retabli rivaj nou yo epi asire yon anvivònman ki an sekirite pou tout moun."

Pou enfòmasyon sou aktivite naje nan pak eta yo nan Nouyòk, ale sou parks.ny.gov/recreation/swimming.

Nou ankouraje Nouyòkè yo pou yo [enskri pou alèt ijans atravè NY-Alert pou resevwa alèt meteyo ak ijans an tan reyèl nan alert.ny.gov](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)